



Pou Piblikasyon Imedya: 25/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON SERI ODYANS POU WÈ SI POU YO TA  
ELIMINE SALÈ KI PI BA PASE SALÈ MINIMÒM NAN, POU TRAVAYÈ KI  
RESEVWA POU BWA**

*Odyans yo ap fèt nan Vil New York, Syracuse, Buffalo, Long Island, Watertown,  
ak Albany*

*Yo pa Atann aske Chanjman yo Afekte Pratik ki genyen nan Eta New York*

*Ou ka Soumèt Temwayaj Alekri bay [hearing@labor.ny.gov](mailto:hearing@labor.ny.gov)*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nan ki dat ak ki kote odyans piblik yo pral fèt pou eseye elimine kredi pou poubwa nan kad salè minimòm nan Eta New York, sa yo rele tou salè souminimòm.

“New York ap kontinye jwe wòl li kòm lidè nasyonal nan lit pou jistis onon fanm ak gason k ap travay; nou kreye yon tribin pou tandè ki enkyetid moun New York genyen, epi n ap fè jefò pou ofri salè ki jis pou tout moun”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen mande moun pwopozisyon sa a afekte pou yo enskri, ale nan yon odyans, epi ede nou bay New York yon bourad pou l tounen yon eta ki pi bon e pi jis.”

Pwopozisyon sa a pa t ap elimine poubwa; li t ap sèlman elimine salè souminimòm.

Se Komisyonè Travay Eta a (State Labour Commissioner) Roberta Reardon ki pral prezide odyans yo, e l ap konsantre sou etandi pwoblèm lan, tankou difikilte poubwa yo kreye, rezon ak konsekans k ap genyen si yo elimine salè souminimòm nan pou djòb apoubwa ki afekte yo (sètadi travayè ki lave machin, èstetisyen, sèvè, barmann, twaletè pou chen, chofè kamyon, òganizatè maryaj, gid touristik, elatriye) e rekòmandasyon konsènan delè ki ta dwe genyen si eliminasyon an ap fèt, ansanm avèk eleman ki ta kapab konplike sityasyon an.

Odyans yo ap fèt nan kote e nan lè sila yo. Ou dwe [enskri alavans](#).

**Lendi 12 Mas 2018, a 10 a.m.**

SUNY College of Environmental Science and Forestry  
The Gateway Center, Syracuse

**Mèkredi 21 Mas 2018 a 10 a.m.**

Common Council Chamber  
City Hall, Buffalo

**Vandredi 20 Avril 2018 a 10 a.m.**

Roosevelt Little Theatre  
SUNY Farmingdale

**Mèkredi 25 Avril 2018 a 10 a.m.**

Dulles State Office Building  
317 Washington Street, Watertown

**Vandredi 18 Me 2018 a 10 a.m.**

Legislative Office Building, Albany

**Semèn 18 Jen**

Vil New York, yo va ansonse ki kote

*Remake: Odyans sa a se pou endistri ki pa ospitalyè sèlman.*

**Semèn 25 Jen**

Vil New York, yo va ansonse ki kote

*Remake: Odyans sa a se pou endistri ospitalyè yo sèlman.*

Y ap anonse odyans yo alavans, epi plis detay ap disponib sou entènèt:

[www.labor.ny.gov/subminimum](http://www.labor.ny.gov/subminimum).

“Pifò konsomatè, e menm anpil travayè, pa konnen ke anplwaye nan anpil pòs travay resevwa yon salè souminimòm, e oblije konte sou poubwa pou bay fanmi yo manje”, **Komisyone Depatman Travay Eta (State Department of Labor) New York la, Roberta Reardon, te deklare.** “Travayè ki jwenn poubwa gen yon to povrete ki pi wo, e yo fè fas a chanjman salè radikal ki baze sou poubwa. Mwen ankouraje nenpòt ki moun odyans sa yo gen dwa afekte pou yo soumèt temwayaj pou asire ke nou byen konprann sitiyasyon an, pou wè kijan eliminasyon salè souminimòm ka aji sou travayè ak biznis yo.”

Si ou gen lentansyon ale nan yon odyans, **ou dwe enskri [alavans](http://www.labor.ny.gov/subminimum). Yo mande pou chak prezantasyon aloral pa depase 3 minit.** Y ap bay moun ki enskri alavans priyorite pou chita epi pou pale. Lòd pou moun chita e pale, sitou pou moun ki pa t enskri alavans, va baze sou ki moun ki rive anvan, selon sa anplwaye nan evènman yo deside.

**Ou te mèt enskri konsa:**

- Entènèt: [www.labor.ny.gov/subminimum](http://www.labor.ny.gov/subminimum)
- Imèl: [hearing@labor.ny.gov](mailto:hearing@labor.ny.gov)
- Telefòn: 518-457-5519
- Faks: 518-485-1126
- Pa Lapòs: New York State Department of Labor  
ATANSYON: Subminimum Wage Hearing

Building 12, Room 588  
Harriman State Office Campus  
Albany, NY 12240

**Temwayaj ak Kòmantè:**

Nou dwe resevwa tout kòmantè yo anvan **1<sup>ye</sup> jiyè 2018**.

Yo mande moun ki pral pale yo (men yo pa egzije yo) pou yo prepare temwayaj yo alekri. Yo pito vèsyon dijital temwayaj ak kòmantè yo, e moun ta dwe voye yo pa imèl bay [hearing@labor.ny.gov](mailto:hearing@labor.ny.gov).

Temwayaj ou dwe gen ladan non ou, non òganizasyon ou (si genyen), ak enfòmasyon sou fason pou yo kontakte ou. Li ta dwe gen ladan tou yon deklarasyon kout nan tèt la pou rezime pozisyon ou. Yo ka oblije patisipan yo prezante yon kat idantite ak foto nan kèk kote anvan yo antre nan odyans lan.

Lokal kote odyans yo ap fèt la respekte bezwen moun ki andikape genyen pou aksede bilding yo. Si ou gen lentansyon ale nan odyans lan epi ou bezwen akomodasyon rezonab, tankou paregzanp yon entèprèt, aparèy ki pou ede w tandè oswa materyèl an gwo lèt oswa an Bray, tanpri sonje ekri sa lè w ap enskri alavans, pi bonè ke posib anvan odyans la.

Si ou bezwen sèvis tradiksyon, tanpri di ki lang ou pale lè w ap enskri alavans, pi bonè ke posib anvan odyans la. Yon videyo chak odyans pral disponib sou entènèt nan yon delè twa jou ouvrab apre konklizyon odyans lan.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale nan sitwèb: [www.labor.ny.gov/subminimum](http://www.labor.ny.gov/subminimum).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418